

THE COLLEGE BOARD

PSAT™ 8/9 Test Directions Translated into <HAITIAN CREOLE> for Students 2018-2019 Only

Notes to the Proctor: This document should be printed and distributed once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book.

Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period.

Students may **not** be given additional time, unless approved as a separate accommodation

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it

© 2018 The College Board. PSAT is a trademark owned by the College Board. PSAT is a trademark owned by the College Board. Unauthorized copying or reuse of any part of this document is illegal.

Sa Ki Anndan Dokiman an

Nòt pou Elèv la	3
1 Eksplikasyon yo pou Jou Tès la	3
1.1 Anvan Tès la Kòmanse	3
1.1.1 Distribisyon Fèy Repons	5
1.1.2 Distribisyon Liv Tès la.....	6
1.1.3 Konplete Enfòmasyon nan Liv Tès la ak nan Deklarasyon Sètifikasyon an.....	6
1.1.3.1 Enstriksyon yo pou Fòm Espesifik.....	7
1.1.4 Esplikasyon yo pou Kouvèti Devan an	8
1.1.5 Esplikasyon yo pou Kouvèti Dèyè a	9
1.2 Script 1 Tan Estanda	10
1.2.1 Section 1: Tès Lekti	10
1.2.1.1 Pandan Pòz la	11
1.2.1.2 Esplikasyon yo pou Seksyon 1 nan Liv Tès la	11
1.2.2 Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Langaj	11
1.2.2.1 Esplikasyon pou Seksyon 2 nan Liv Tès la	12
1.2.3 Seksyon 3: Tès Matematik - San Kalkilatri	12
1.2.3.1 Pandan Pòz la	13
1.2.3.2 Esplikasyon yo pou Seksyon 3 Liv Tès la	14
1.2.4 Seksyon 4: Tès Matematik- Kalkilatri	16
1.2.4.1 Esplikasyon yo pou Seksyon 4 nan Liv Tès la	17
2 Apre Tès la.....	19
2.1 Ranvwa	19
2.1.1 Ranmase Liv Tès yo ak Lòt Materyèl Tès yo.....	19
2.1.2 Fini ak Tès la	19
2.1.3 Ranmase Fèy Repons yo.....	19
2.1.3.1 Anvan yo Voye Elèv yo Ale.....	19

Nòt pou Elèv la

- Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo sipèvizè ou a ap li byen fò. Eksplikasyon tradwi sa yo gen dwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan ou a li yo; men, enfòmasyon enpòtan yo rete menm. Si ou gen kesyon sou sa siveyan ou a ap li a, tanpri leve men ou.
- Si w bezwen eksplikasyon yo pou liv egzamen (tès) an ki tradwi kòm referans, ou ka jwenn yo alafen chak seksyon egzamen an apre eksplikasyon tradwi yo ki bay nan bouch.
- Ou ka kite dokiman sa a sou biwo ou pandan tout dire tès la, men ou dwe remèt li bay siveyan an apre tès la.
- Ou PA dwe itilize dokiman sa a pou papyè bouyon.
- Tanzantan, siveyan ou an pral anonse kantite tan ki rete nan yon seksyon, ak lè pou pòz yo tou lè sa apwopriye. Si w ap pran egzamen an ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo kapab diferan de tan an ak pòz yo ki nan dokiman sa a ki tradwi a. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li.
- Si w ap pran tès la ak aranjman ki apwouve, siveyan ou an kapab ba ou eksplikasyon anplis an Angle.
- Nan kèk ka, eta oswa distri ou a ka gen pwòp esplikasyon oswa règleman pa yo ki gen rapò ak fèy repons lan. Tanpri koute epi swiv eksplikasyon siveyan ou an sou fason pou ranpli enfòmasyon pèsònèl ou sou fèy repons lan.
- Yo itilize senbòl nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:



Enfòmasyon Enpòtan



Eksplikasyon siveyan ou a li



Eksplikasyon ou jwenn nan liv tès ou a

1 Eksplikasyon yo pou Jou Tès la

1.1 Anvan Tès la Kòmanse

Siveyan ou an ap kòmanse di:




Byenvini nan administrasyon PSAT 8/9 la. Tès sa a pral konsantre sou sa ou te deja aprann nan lekòl la. Li ba ou yon chans pou wè ki kote ou ka bezwen amelyore nan lekòl segondè. Si w ap itilize eksplikasyon enprime yo tradwi a, louvri tiliv la kounye a pou swiv ansanm ak mwen pandan m ap bay enstriksyon yo.

Anvan nou kòmanse tès la, mwen pral li kèk règleman ak enstriksyon yo. Tanpri koute ak anpil atansyon, epi pa poze okenn kesyon jiskaskè mwen mande si nou gen kesyon.

Pou tès jodi a, ou ka itilize sèlman yon kreyon Nimewo 2 pou make fèy repons ou an. Ou pa gen dwa itilize kreyon mekanik yo. Tanpri leve men ou si ou pa gen yon kreyon Nimewo 2, epi m ap ba ou yonn.

Aprè sa siveyan ou an pral di:

 Tout elèv yo ta dwe gen menm opòtinite pou montre konesans yo ak kapasite yo nan tès sa a. Pou rezon sa a, gen règleman ki la pou asire pa gen moun ki gen yon avantaj ki enjis. N ap elimine epi anile rezilta nenpòt moun ki fè nenpòt nan bagay sa yo:


- Bay oswa resevwa nenpòt kalite èd pandan tès la
- Gade nan liv tès la anvan yo kòmanse tès la
- Travay nan move seksyon an oswa ale nan seksyon ki anvan oswa apre a nan liv tès la oswa nan fèy repons la
- Make repons yo apre yo di lè a rive
- Pataje kesyon tès la ak nenpòt moun pandan tès la oswa apre tès la
- Eseye retire materyèl tès yo nan sal tès la
- Sèvi ak nenpòt èd ki pa otorize pou fè tès la, ladan yo telefòn, pandan tès la oswa pandan tan pòz yo

Yo ka ranvwaye ou tou pou:


- Manje oswa bwè pandan tès la (sòf si lekòl la apwouve sa a tankou yon aranjman- si sa pat apwouve, yo pèmèt manje ak bwè sèlman pandan pòz yo)
- Lakòz nenpòt twoub oswa distrè lòt elèv yo
- Kite sal la oswa bilding nan san otorizasyon pandan tès la oswa pòz yo

Èske gen moun ki gen nenpòt kesyon sou sa mwen sot di la a?

Si lekòl ou a te ranmase zafè pèsònèl elèv yo, siveyan ou an ou pral di:

 Kounye a ou ta dwe fèmen tout telefòn oswa nenpòt ki lòt aparèy elektwonik. Si yon moun toujou gen yon aparèy elektwonik nenpòt ki kalite, tanpri dezaktive alam yo, fèmen li, epi remèt mwen li, epi y ap ba ou li ankò lè tès la fini.


Si lekòl ou a PA ranmase zafè elèv yo, siveyan ou an ou pral di:

 Nan moman sa a, si ou gen yon telefòn, oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik nan men ou, ou dwe dezaktive tout alam yo, fèmen li nèt, epi mete li sou kote anba biwo ou a jiskaske tès la fini. Yo ka ranmase nenpòt aparèy elektwonik ki pa fèmen epi mete sou kote epi yo ka enspekte sa ki ladann tankou se nan yon ankèt epi yo ka pa kite w pran tès la.

Si ou te pote ti goute oswa bwason pou manje pandan yon tan pòz, mete sa yo deyò epi mete yo anba biwo ou an kounye a. Yo pa pral pèmèt ou ale nan sak ou pandan tan pòz yo.

Fèmen tout sak yo, epi mete yo anba biwo ou jiskaske tès la fini.


Aprè sa siveyan ou an pral di:

 Kounye a nou pral kòmanse tès la.

Tanpri, retire tout bagay ki sou biwo ou a eksepte kreyon ak gòm Nimewo 2 ou yo, kalkilatri ki apwouve, ak nenpòt aparèy pou pran tès la ki apwouve.

Si ou te pote yon kalkilatri de rezèv oswa pil anplis, tanpri mete yo sou biwo ou a tou. Ou pa dwe pataje yon kalkilatri ak yon lòt elèv nan okenn moman pandan tès la oswa tan pòz yo.

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou a pral di:

 Mèsi. Tanpri chita tou dousman pandan mwen pral pran yon moman pou gade toupatou epi asire tout moun genyen ak yon kalkilatri apwouve.

1.1.1 Distribisyon Fèy Repons

Lè elèv yo pare, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Kounye a mwen pral bay nou chak fèy repons nou yo.

Pou elèv k ap itilize GWO BLÒK fèy repons yo, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Tanpri, li eksplikasyon yo ki nan paj 1 an nan fèy repons ou a sou fason pou ou make repons ou yo. Ou pral make kare yo olye ti wonn yo, epi nimewo paj yo pral diferan de sa mwen anonse yo. Leve men ou si ou bezwen asistans nenpòt ki lè.

Pou tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Tanpri tcheke pou asire bon non legal ak bon dat nesans ou parèt sou fèy repons lan epi ti wonn ki koresponn yo te ranpli kòrèkteman. Leve men ou si ou gen yon fèy repons ki pa bon.

Pou elèv ki bezwen make fèy repons yo, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Kòmanse pa ekri siyati legal ou, premye non ou, ak inisyal non ki nan mitan an, si ou gen youn, nan kare 1 an. IMete espas, tirè, oswa apostwòf yo si sa yo fè pati non ou. Si ou ekri yon siyati ki pa menm ak siyati legal ou, nòt ou ka an reta. Ekri lèt yo an majiskil nan kare yo, epi ranpli ti wonn ki koresponn yo. Asire w chak mak fonsè epi ranpli ti wonn nan nèt. Leve tèt ou lè w fini. Èske ou gen nenpòt kesyon?

(A) Pou seksyon 2-4, si gen elèv ki nan sal klas ou ki PA nan menm lekòl la, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Nan seksyon 2 a, si se nan lekòl sa a ou ale chak jou, ranpli ti wonn yo ki di, "Wi," epi antre non ak adrès lekòl ou a. Si se pa nan lekòl sa a ou ale chak jou epi se pa lakay ou yo fè lekòl pou ou, ranpli dezyèm ti wonn nan "Non, se pa nan lekòl sa a mwen ye" epi antre non ak adrès lekòl ou a nan seksyon 3. Si se lakay ou yo fè lekòl pou ou, ranpli ti wonn nan ki di, "Non, se lakay mwen yo fè lekòl pou mwen," epi pa antre okenn lòt enfòmasyon nan kare 25 la.

Nan kare 4 la, antre kòd lekòl ou a. Si se nan lekòl sa a ou ye, mwen te afiche kòd lekòl nou an devan klas la. Yo afiche tou lòt kòd lekòl yo pou nenpòt moun ki bezwen. Si se lakay ou yo fè lekòl pou ou, tanpri kite kare 4 la vid. Tanpri leve tèt ou lè ou fini.

OSWA

(B) Pou kare 2-4 yo, si tout elèv yo k ap pran tès la nan sal klas ou a nan lekòl ou a, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Nan seksyon 2 a, ranpli ti wonn ki di, "Wi." Epi antre non ak adrès lekòl nou an nan kare 3 a. Nan kare 4 la, mete kòd lekòl la ke mwen te afiche devan sal la.

(A) Si lekòl ou a ap itilize nimewo ID Elèv yo, pou seksyon 5 la, sipèvizè ou a pral di:

- 🔊 Nan seksyon 5 la, ekri ak ranpli nimewo idantifikasyon elèv ou an, kòmanse avèk premye kolòn nan bò gòch la. Si ou gen lèt nan nimewo ID ou, sote yo epi antre chif yo sèlman. Si ou pa konnen nimewo ID elèv ou, leve men ou. Leve tèt ou lè ou fini.

(B) Si lekòl ou a PA itilize nimewo ID elèv yo, pou seksyon 5 la, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Pa mete anyen nan seksyon 5 la.

Pou seksyon 6 la, siveyan ou an pral di

- 🔊 Mete nivo klas ou ye kounye a nan seksyon 6 la.

Pou seksyon 7 la, siveyan ou an pral di:

- 🔊 Ranpli ti wonn apwopriye a nan kare 7 la.

Pou seksyon 8 la, siveyan ou an pral di:

- Nan seksyon 8 la, ranpli ti wonn ki apwopriye a pou mwa ou te fèt la. Epi mete jou a ak 2 dènyè chif pou ane ou te fèt la, epi ranpli ti wonn yo ki apwopriye a. Nenpòt kare ki gen 2 chif dwe kòmanse ak yon zewo si chif la pi piti pase 10. Si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk yo, ranpli wonn pou mwa, jou, ak ane ou te fèt la.

1.1.2 Distribisyon Liv Tès la

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- Kounye a mwen pral ba ou liv tès ou. Lè ou resevwa liv tès ou a, pa louvri li. Vire li epi li sa ki sou do a. Li gen enfòmasyon enpòtan sou tès la ak fason pou byen make repons ou yo.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

- Ekri non ou, kòd lekòl sa a, ak non lekòl sa a byen klè sou do liv tès ou an. Si w ap itilize fòm MP3 oswa ATC a sou yon kat memwa elektronik, ou bezwen asire w enfòmasyon sa a sou anbalaj kat memwa ou a tou. Tanpri leve tèt ou lè ou fini.

Tanpri vire fèy repons lan nan paj 4 la (oswa paj 7 si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk).

1.1.3 Konplete Enfòmasyon nan Liv Tès la ak nan Deklarasyon Sètifikasyon an

Pou kare A ak B yo, siveyan ou a pral di:

- Jwenn pati A ak B yo sou do fèy repons ou a (oswa paj 7 nan fèy repons gwo blòk la). Kopye kòd fòm lan ak ID tès la egzakteman jan yo parèt sou do liv tès ou a (oswa sou anbalaj kat memwa a pou moun k ap pran tès la sou MP3 ak ATC) nan pati A ak B yo sou fèy repons ou a. Pou pati A a, tanpri ranpli ti wonn yo ki apwopriye a. Tanpri leve tèt ou lè ou fini.

Pou tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

- Pran yon moman pou asire w kare ki gen Kòd Fòm nan ak tès ID a fin ranpli kòrèkteman. Li enpòtan pou ou antre kòd ki kòrèk yo sou fèy repons ou a. Sinon, ou ka pa fè nòt.

(A) Si lekòl ou a itilize kòd pou sal tès yo, pou seksyon C a, siveyan ou an pral di:

- Nan seksyon C a, ekri kòd sal tès la mwen te afiche a; apre sa a, ranpli ti wonn yo.

(B) Si lekòl ou a PA itilize kòd pou sal tès yo, pou seksyon C a, siveyan ou an pral di:

- Tanpri kite seksyon C a vid.

(A) Si lekòl ou a itilize kòd pou sal tès yo, pou seksyon D a, siveyan ou an pral di:

- Elèv ki nan lekòl sa a, tanpri mete nimewo a mwen te afiche pou ou a nan seksyon D a.

(B) Si lekòl ou a PA itilize kòd opsyonèl yo, pou seksyon D a, siveyan ou an pral di:

- Tanpri kite seksyon D a vid.

Pou tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

- Koulye a, tanpri chèche Deklarasyon Sètifikasyon an nan do fèy repons ou an.

Lè ou siyen la a, ou dakò pou pa pataje okenn kesyon espesifik tès yo ak okenn moun, sou nenpòt fòm kominikasyon, ki gen ladann imel, tèks mesaj, piblikasyon sou entènèt, oswa lòt fason nan entènèt la. Lè w fè sa, sa kapab lakòz anilasyon rezilta a oswa lòt sanksyon posib. Anplis de sa, ou dakò ke si lekòl ou a bay College Board la nenpòt enfòmasyon sou ou, College Board la ka kenbe enfòmasyon sa yo pou bay


sèvis edikasyonèl ki gen rapò ak tès sa a, tankou rapò sou nòt ou yo ak kalifikasyon ak opòtinite pou bousdetid.

Li deklarasyon an ak enfòmasyon an ki nan tiliv eksplikasyon an, apre sa siyen tout non ou tankou jan ou ta siyen nan yon dokiman ofisyèl. Anba siyati w, ekri non w epi ekri dat jodi a.

Tanpri asire w ou ranpli seksyon sa a. Si ou pa siyen non ou, nòt ou ka an reta oswa anile.

Depoze kreyon ou lè w fini.

Aprè tout moun fin siyen Deklarasyon Sètifikasyon an, siveyan ou an pral di:

 Tanpri mete kalkilatris ou yo ak pil anplis yo anba biwo ou an kounye a. Ou pa bezwen yo pou seksyon sa a.


Pandan tès la, kenbe fèy repons ou an ak liv tès la plat sou biwo ou. Si ou jwenn yon bagay ki pa bon nan fèy repons ou oswa nan liv tès la, tankou yon paj ki manke, leve men ou nan moman sa a. Mwen pral mache nan sal la pou tcheke pwogrè ou. Mwen pral tou kwonometre tan ofisyèl la pou tès la, epi mwen pral fè w konnen detanzantan konbyen tan ou rete nan chak seksyon.

Ou ka itilize liv tès la kòm bouyon, men ou dwe make repons ou yo nan fèy repons ou an amwenske yo te ba ou pèmasyon pou make yo nan liv tès ou. Apre yo di lè a rive, ou pa dwe transfere repons ou yo ki nan liv tès ou a nan fèy repons ou an oswa ranpli ti wonn vid yo.

Si w gen nenpòt kesyon sou règleman yo pou tès la, tanpri mande yo kounye a. Mwen p ap kapab reponn kesyon pandan seksyon tès yo ki kwonometre.


1.1.3.1 Enstriksyon yo pou Fòm Espesifik

Si yon elèv ap itilize yon sekretè pou ekri pou li, siveyan ou an pral di:


 Tanpri swiv eksplikasyon sa yo:

- Ou dwe ekri sèlman sa elèv la di w ekri a.
- Ou pa dwe oryante elèv la yon fason ki mennen l bay yon repons diferan.
- Si elèv la itilize yon mo ou pa abitye avè l oswa ou pa konnen ki jan yo eple l, mande elèv la eple li.


Pou yon elèv k ap itilize yon sekretè, siveyan ou an pral di:

 Repons ou yo ak nenpòt koreksyon pral anrejistre jan ou di pou ekri yo. Si ou vle verifye travay ou, y ap li repons ou yo pou ou. Èske ou gen nenpòt kesyon?

Pou moun k ap li, siveyan ou an pral di:

 Si w ap li yon tèks pou yon elèv, tanpri li kesyon yo otan li mande w repete yo. Li enpòtan pou li sèman sa ki nan tèks la. Pa bay plis eksplikasyon pase sa ki nan tèks la, menm si elèv la mande sa. Si yon elèv k ap itilize liv ak imaj bray la pa li bray, ou ka jwenn antèt yo ak chif yo nan menm plas yo ye nan liv yo ki ekri ak karaktè nòmal, si li bezwen. Èske ou gen nenpòt kesyon sou pwosedi sa yo?

Pou elèv ki sèvi ak fòm bray, siveyan ou an pral di:

 Tès bray la divize an plizyè liv. Y ap ba ou yon liv chak fwa. Tès Lekti ak Tès Redaksyon ak Langaj la ekri nan bray regilye grad 2. Pandan tout tès la, chak kesyon ap separe ak yon lòt ak yon liy. Chak kesyon kòmanse nan ranje 1 an, epi rès la al rekòmanse nan ranje 5 lan. Chak chwa repons kòmanse nan ranje 3 a epi rès la al rekòmanse nan ranje 5 lan.

Karaktè bray yo itilize a se Unified English Braille (UEB), epi Tès Matematik la nan Kòd Nemeth revize 1972 la. Dokiman chema an bray yo bay anplis la gen ladan l fòm matematik ak esplikasyon pou itilize nan tou 2 seksyon nan tès Matematik la.

Si w ap itilize yon aparèy bray pou anrejistre repons ou yo, sou chak paj ou itilize, tape tout non ou ak nimewo seksyon w ap travay la. Tape nimewo kesyon an ak repons ou. Li pa nesèsè pou mete chwa repons ou yo an majiskil.

Èske ou gen nenpòt kesyon sou pwosedi sa yo?

Pou tout elèv ki itilize yon fòm ATC, sipèvizè ou pral di:



Jodi a ou pral pran yon fòm nan tès la ki konpatib ak lektè ekran ou a oswa lòt lojisyèl. Mwen te telechaje asistans nan fòm teknoloji-konpatib sa a sou òdinatè a ki sou biwo ou.

Tanpri prepare pou fè tès la kounye a pandan w ap louvri epi li Idokiman elektwonik ki gen tit Eksplikasyon pou Kòmanse ak Enfòmasyon pou Itilizatè ATC yo. Lè ou fini li dokiman an, tanpri klike sou bouton pou redwi ekran an epi rete tann.

Pandan tès la, ou pral li menm eksplikasyon ki sou ekran an ke lòt elèv yo pral li nan liv tès la. Tout eksplikasyon pou kantite tan ak lòt pwosedi yo mwen li aplike pou ou. Lè mwen di ou kòmanse pran tès la nan yon seksyon, louvri dokiman an nan seksyon ki kòrèk la epi tape modpas ou a, ki ekri sou kouvèti tès ou. Lè mwen di lè a rive, sispann ekri epi fèmen dokiman an. Èske ou gen nenpòt kesyon?

1.1.4 Esplikasyon yo pou Kouvèti Devan an



Sa ki vin apre a se yon tradiksyon kouvèti liv tès ou a.

ENPÒTAN POU SONJE

1

Ou dwe itilize yon kreyon No. 2 pou tès la.
Pa sèvi ak yon kreyon mekanik oswa plim.

2

Pataje nenpòt kesyon ak nenpòt moun se yon vyolasyon règleman Sekirite ak Onète Tès la epi sa ka lakòz rezilta ou yo anile.

LIV TÈS SA A PA DWE KITE SAL LA. YO ENTÈDI REPWODIKSYON OSWA ITILIZASYON KÈLKESWA PATI NAN LIV TÈS SA A SAN OTORIZASYON.

© 2018 The College Board. College Board ak logo an fòm akòn nan se mak komèsyal College Board la. PSAT se yon mak komèsyal ki pou College Board la.

1.1.5 Esplikasyon yo pou Kouvèti Dèyè a



Sa ki anba a se yon tradiksyon do liv tèss ou a. Lè yo mande w sa, ou ta dwe ekri nan liv tèss la oswa nan fèy repons lan, men pa nan dokiman ki tradwi a.

Non ou (Lèt enprime) _____

SIYATI

PRENON

DEZYÈM NON OU

Lekòl _____

NIMEWO

NON LEKÒL LA

NIMEWO SAL LA

PSAT™ 8/9

EKSPLIKASYON JENERAL YO

- Ou ka travay sou yon sèl seksyon alafwa.
- Si ou fini yon seksyon anvan lè a fini, verifye travay ou pou seksyon sa a. Ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon.

MAKE REPONS YO

- Asire w ou make fèy repons lan byen.

Repons ki Byen Make:



Repons Ki Pa Byen Make:



- Ou dwe itilize yon kreyon No. 2.
- Ak anpil atansyon make yon sèl repons pou chak kesyon.
- Asire w ou ranpli tout ti wonn nan byen fonn epi ranpli tout nè. Pa fè okenn lòt mak sou fèy repons lan.
- Si w ap efase, efase nè. Si ou pa fin efase yon bagay nè yo kapab ba li nèt tankou se yon repons ou chwazi.
- Itilize sèlman ranje pou repons yo ki koresponn ak nimewo kesyon yo.

SÈVI AK LIV TÈSS OU A

- Ou ka itilize liv tèss la pou travay sou bouyon, men ou pap jwenn kredi pou okenn bagay ou ekri nan liv tèss ou a.
- Apre yo di lè a rive, ou pa dwe transfere repons yo ki nan liv tèss la sou fèy repons ou a oswa ranpli ti wonn yo.
- Ou pa dwe pliyé oswa retire paj yo oswa mòso nan yon paj nan liv sa a, oswa retire liv la oswa fèy repons la nan sal tèss la.

PWEN

- Pou chak repons kòrèk, ou resevwa yon pwèn.
- Ou pa pèdi pwèn pou repons ki pa bon; se poutèt sa, ou ta dwe eseye reponn chak kesyon menm si ou pa sèten si repons la kòrèk.

Lide ki nan pasaj pou tèss sa a, kèk nan yo se ekstrè oswa adaptasyon materyèl ki pibliye, yo pa nesèsèman reprezante opinyon College Board la.

PA LOUVRI LIV SA A JISKASKE SIVEYAN AN DI OU FÈ SA.

ENPÒTAN

Kòd ki anba yo inik a liv tèss ou a. Kopye yo sou fèy repons ou an nan kare A ak B yo epi ranpli ti wonn ki koresponn yo egzateman jan yo montre li.

A Form Code						
A	B	C	D	1	2	3
•	A	A	A	0	0	0
•	B	B	B	1	1	1
•	C	C	C	2	2	2
•	D	D	D	3	3	3
•	E	E	E	4	4	4
•	F	F	F	5	5	5
•	G	G	G	6	6	6
•	H	H	H	7	7	7
•	I	I	I	8	8	8
•	J	J	J	9	9	9
•	K	K	K			
•	L	L	L			
•	M	M	M			
•	N	N	N			
•	O	O	O			
•	P	P	P			
•	Q	Q	Q			
•	R	R	R			
•	S	S	S			
•	T	T	T			
•	U	U	U			
•	V	V	V			
•	W	W	W			
•	X	X	X			
•	Y	Y	Y			
•	Z	Z	Z			

B Test ID						
1	2	3	4	5	6	7

1.2 Script 1 Tan Estanda

1.2.1 Section 1: Tès Lekti



*Tan estanda pou Seksyon 1 an se **55 minit**, ak yon **5-minit pòz** nan fen seksyon an. Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li. Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt apre eksplikasyon tradwi yo li a.*

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:



Pa louvri liv tès la jiskaske mwen di ou fè sa. Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 55 minit pou travay sou Seksyon 1, Tès Lekti a. Nou pral pran yon pòz 5 minit lè seksyon sa a fini.

Asire w ke ou make repons ou yo nan espas ki nimewote ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 1 an. Asire w ap itilize yon kreyon Nimewo 2 epi ou ranpli tout ti wonn nan byen fonce. Si ou chanje repons ou, efase li nèt. Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Sonje y ap ba ou pwèn pou repons kòrèk yo, men ou pa pèdi pwèn pou repons yo ki pa kòrèk. Sa vle di ou ta dwe eseye reponn chak kesyon, menm si ou pa sèten si repons la kòrèk.

Tanpri vire fèy repons lan nan Seksyon 1 nan paj 3 a (oswa paj 9 si ou itilize yon fèy repons an gwo blòk). Kenbe fèy repons ou a louvri epi plat sou biwo ou. Pa pliye paj yo dèyè Louvri liv tès ou a nan Seksyon 1, li eksplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounye a. Bòn chans.

Aprè 30 minit, siveyan ou a pral di:



Ou gen 25 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 50 minit, siveyan ou a pral di:



Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 55 minit, siveyan ou a pral di:



Sispann travay epi depoze kreyon ou.

Fèmen fèy repons ou a epi mete li nan paj ki nan liv tès ou a kote ou te kanpe travay la. Fèmen liv tès ou an.

Ou pral gen kounye a kèk minit pou mete ou alèz. PA diskite kesyon tès yo pandan pòz la oswa kite sal tès la san pèmisyon.

Nou pral kòmanse tès la ankò nan egzakteman 5 minit.


Si lekòl ou a PA ranmase bagay pèsonèl elèv yo, siveyan ou a pral di:




Ou pa dwe itilize yon telefòn oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik pandan pòz sa a oswa pandan nenpòt lòt pòz pandan tès la. Tout telefòn ak lòt aparèy yo dwe rete fèmen epi mete sou kote jiskaske tès la fini.

1.2.1.1 Pandan Pòz la

Alafen pòz la, siveyan ou a pral di :

 Tanpri pran plas ou. Pa louvri liv tè s la jiskaske mwen di ou fè sa.

1.2.1.2 Esplikasyon yo pou Seksyon 1 nan Liv Tès la

 Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou te jwenn nan kòmansman Seksyon 1 nan liv tè s ou a.


55 MINIT, 42 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 1 nan fèy repons ou pou reponn kesyon yo ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Chak pasaj oswa de pasaj ansanm ki anba yo gen yon kantite kesyon ki vin apre . Apre ou fin li chak pasaj oswa de ansanm, chwazi repons ki pi bon pou chak kesyon baze sou sa ki deklare a oswa sa yo sanble yo ta vle di a nan pasaj la oswa nan pasaj yo epi nan nenpòt grafik ki vin avèk yo (tankou yon tab oswa graf).

1.2.2 Seksyon 2: Tès Redaksyon ak Langaj

 Tan estanda pou Seksyon 2 a se **30 minit**. Si w ap pran tè s la ak yon aranjman apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li. Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tè s la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo li a.


Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

 Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 30 minit pou travay nan Seksyon 2, Tès Redaksyon ak Langaj.


Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki gen nimewo ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 2 la. Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Louvri liv tè s ou a nan paj kote ou te mete fèy repons lan. Chèche Seksyon 2 nan paj 3 fèy repons ou (oswa paj 11 si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk). Kenbe fèy repons ou a louvri epi plat sou biwo ou. Pa pliye paj yo dèyè Kounye a, tanpri ale nan Seksyon 2 nan liv tè s ou a, li esplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounye a.


Aprè 15 minit, siveyan ou a pral di:

 Ou gen 15 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 25 minit, siveyan ou a pral di:

 Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 30 minit, siveyan ou a pral di:

 Sispann travay, epi depoze kreyon ou.

Fèmen fèy repons ou a epi mete li nan paj ki nan liv tè s ou a kote ou te kanpe travay la. Fèmen liv tè s ou an.

1.2.2.1 Esplikasyon pou Seksyon 2 nan Liv Tès la



Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou te jwenn nan kòmansman Seksyon 2 nan liv tès ou a.

30 MINIT, 40 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan Seksyon 2 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.

EKSPLIKASYON

Chak pasaj ki anba a gen yon kantite kesyon ki vin avèk li. Pou kèk kesyon, ou pral konsidere ki jan pasaj la ta ka revize pou amelyore ekspresyon lide yo. Pou lòt kesyon yo, ou pral konsidere ki jan pasaj la ta ka modifiye pou korije erè nan estrikti fraz, itilizasyon, oswa ponktiwayon. Yon pasaj oswa yon kesyon ka gen youn oswa plis grafik ki mache avè l (tankou yon tab oswa graf) ke ou pral konsidere pandan w ap pran desizyon pou revize epi modifiye yo.

Kèk kesyon pral voye ou nan yon pòsyon ki souliye nan yon pasaj. Lòt kesyon yo pral voye ou nan yon pati nan yon pasaj oswa mande ou pou panse sou tout pasaj la.

Aprè ou fin li chak pasaj, chwazi repons pou chak kesyon ki pi sanble li ka amelyore ak efikasite kalite jan pasaj la ekri oswa ki fè pasaj la konfòm ak konvansyon estanda Angle ekri. Anpil kesyon gen ladan yo yon opsyon "PA CHANJE". Chwazi opsyon sa a si w panse pi bon chwa a se pou kite pati nan pasaj yo bay la jan li ye a.

1.2.3 Seksyon 3: Tès Matematik - San Kalkilatrìs



Tan estanda pou Seksyon 3 a se **20 minit**, ak yon **5 minit pòz** nan fen seksyon an. Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li. Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo li a.

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:



Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 20 minit pou travay sou Seksyon 3, Tès Matematik san Kalkilatrìs la. Nou pral pran yon pòz 5 minit lè seksyon sa a fini.

Malgre sa a se yon pòsyon nan Tès Matematik la, yo PA pèmèt ou sèvi ak yon kalkilatrìs sof si ou te apwouve pou sèvi ak yon kalkilatrìs 4-fonksyon kòm yon aranjman. Sinon, tanpri mete kalkilatrìs ou anba biwo ou.

Louvri liv tès ou a nan paj kote ou te mete fèy repons lan. Chèche Seksyon 3 nan paj 3 fèy repons ou a (oswa paj 13 si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk). Kenbe fèy repons ou a louvri epi plat sou biwo ou. Pa pliye paj yo dèyè Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki nimewote ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 3 a. Esplikasyon yo sou kijan pou mete repons ou yo pou kesyon yo ki make Repons Elèv yo Bay yo nan liv tès ou a. Repons pou kesyon sa yo kapab kout, men pa pi long, pase 4 karaktè.

Si ou fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou PA dwe ale nan okenn lòt seksyon.


Kounye a, tanpri ale nan Seksyon 3 nan liv tès ou a, li esplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounye a.

Aprè 10 minit, siveyan ou pral di:




Ou gen 10 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 15 minit, siveyan ou a pral di:

 Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè egzakteman 20 minit, siveyan ou a pral di:

 Sispann travay epi depoze kreyon ou.


Fèmen fèy repons ou a epi mete li nan paj ki nan liv tèss ou a kote ou te kanpe travay la. Fèmen liv tèss ou an.

Ou pral gen kounye a kèk minit pou mete ou alèz. PA diskite kesyon tèss yo pandan pòz la oswa kite sal tèss la san pèmisyon.

Nou pral kòmanse tèss la ankò nan egzakteman 5 minit.

1.2.3.1 Pandan Pòz la

Alafen pòz la, siveyan ou a pral di :

 Tanpri pran plas ou. Pa louvri liv tèss la jiskaske mwen di ou fè sa.

1.2.3.2 Esplikasyon yo pou Seksyon 3 Liv Tès la



Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo ou te jwenn nan kòmansman an nan Seksyon 3 nan liv tès ou.

20 MINIT, 13 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan seksyon 3 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-10, rezoud chak pwoblèm, chwazi pi bon repons la nan chwa yo bay yo, epi ranpli ti wonn ki koresponn lan sou fèy repons ou an. **Pou kesyon 11-13**, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la sou fèy repons la. Tanpri al gade nan eksplikasyon yo anvan kesyon 11 la sou fason pou antre repons ou yo nan griy la. Ou ka itilize nenpòt espas ki vid nan ti liv tès ou a kòm bouyon.

NÒT


1. **Yo pa pèmèt** ou itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl sof si nou endike yon lòt bagay.
3. Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl sof si nou endike yon lòt bagay.
4. Tout desen yo fèt sou yon plan sòf si nou endike yon lòt bagay.
5. Sòf si nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl yo x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$




$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$



$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan yon ak nan yon sèk se 2π .

Sòm mezi ang yon triyang an degre se 180 degre.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 11-13 yo, rezoud pwoblèm lan epi mete repons ou nan griy la, jan yo dekri sa anba a, sou fèy repons la.

1. Menm si sa pa obligatwa, yo sigjere ou ekri repons ou an nan kare yo ki soutèt kolòn yo pou ede w ranpli ti wonn yo byen. Ou pral resevwa kredi sèlman si ti wonn yo ranpli kòrèk.
2. Pa make plis pase yon sèl wonn nan okenn kolòn.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi sèlman yon sèl repons nan griy la.

5. **Pou chif miks yo** tankou $3\frac{1}{2}$ ou dwe rantre yo

nan griy la tankou 3.5 oswa $\frac{7}{2}$. (Si



ekri nan griy la, yo pral entèprete li tankou $\frac{31}{2}$, olye $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal yo:** Si ou jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase griy la ka pran, li ka swa awondi oswa koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons: $\frac{7}{12}$

Ekri repons la nan bwat yo. →

7	/	1	2
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Fraksyon liy

← Pwen desimal

← Mete resilta a nan griy la.

Repons: 2.5

2	.	5
0	0	0
1	1	1
2	2	2
3	3	3
4	4	4
5	5	5
6	6	6
7	7	7
8	8	8
9	9	9

Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la se:

2	/	3
0	0	0
1	1	1
2	2	2
3	3	3
4	4	4
5	5	5
6	6	6
7	7	7
8	8	8

.	6	6	6
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	7
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

Repons: 201 - kèlkeswa pozisyon an kòrèk

2	0	1
0	0	0
1	1	1
2	2	2
3	3	3

2	0	1	
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

NÒT:
Ou ka kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, depi gen plas. Kolòn ou pa bezwen yo ta dwe rete vid.

1.2.4 Seksyon 4: Tès Matematik- Kalkilatri



Tan estanda pou Seksyon 4 la se **40 minit**. Si w ap pran tès la ak yon aranjman apwouve, tan limit ak pòz ou yo ka diferan. Tanpri koute ak anpil atansyon anons yo siveyan ou an ap li. Yon tradiksyon eksplikasyon yo pou liv tès la parèt touswit apre eksplikasyon tradwi yo li a.

Lè elèv yo pare, siveyan ou an pral di:



Sa a se seksyon final tès la - ou prèske fini! Yon fwa nou kòmanse, ou pral gen 40 minit pou travay sou Seksyon 4 la, Tès Matematik ak Kalkilatri la.

Ou kapab itilize kalkilatri ou pou seksyon sa a; tanpri mete kalkilatri ou sou biwo ou a kounye a. Lè w ap itilize yon kalkilatri, swiv gid sa yo:

- Kenbe li plat sou biwo ou oswa kenbe li pou lòt elèv pa wè travay ou.
- Pa pataje oswa chanje kalkilatri ou ak okenn lòt moun.
- Si ou te pote yon kalkilatri oswa pil de rezèv, kite yo atè a anba biwo ou.
- Si kalkilatri ou gen pwoblèm epi ou gen batri oswa yon kalkilatri de rezèv, leve men ou. Mwen pral vini pou ede ou. Si ou pa gen yon kalkilatri de rezèv, kontinye pran tès la. Tout kesyon matematik yo kapab reponn san yon kalkilatri.

Louvri liv tès ou a nan paj kote ou te mete fèy repons lan. Chèche Seksyon 4 nan paj 3 fèy repons ou a (oswa paj 15 si w ap itilize yon fèy repons an gwo blòk). Kenbe fèy repons ou a louvri epi plat sou biwo ou. Pa pliye paj yo dèyè Asire w ou make repons ou yo nan espas yo ki nimewote a ki koresponn ak kesyon yo ki gen menm nimewo a nan Seksyon 4 la. Esplikasyon yo sou kijan pou mete repons ou yo pou kesyon yo ki make Repons Elèv yo Bay yo nan liv tès ou a. Repons pou kesyon sa yo kapab kout, men pa pi long, pase 4 karaktè.

Si w fini anvan lè a rive, ou ka verifye travay ou nan seksyon sa a, men ou pa dwe ale nan okenn lòt seksyon.

Kounye a, tanpri ale nan Seksyon 4 nan liv tès ou a, li esplikasyon yo, epi kòmanse travay. Lè a kòmanse kounye a.

Aprè 20 minit, siveyan ou an pral di:



Ou gen 20 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 35 minit, siveyan ou an pral di:



Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon sa a.

Aprè 40 minit egzakteman, siveyan ou a pral di:



Sispann travay epi depoze kreyon ou.

Fèmen fèy repons ou pou paj 1 an ka vin anlè. Fèmen liv tès ou a, epi mete l sou tèt fèy repons ou a.

Konpliman-ou fèk fini tès la! Tanpri rete nan plas ou jiskaske mwen di ou ale.

1.2.4.1 Esplikasyon yo pou Seksyon 4 nan Liv Tès la



Sa ki anba la a se yon tradiksyon eksplikasyon yo te bay nan kòmansman an nan Seksyon 4 nan liv tès ou a.

40 MINIT, 25 KESYON (TAN ESTANDA)

Ale nan seksyon 4 nan fèy repons ou pou reponn kesyon ki nan seksyon sa a.


EKSPLIKASYON

Pou kesyon 1-21, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki pi bon nan chwa yo bay la, epi ranpli sèk ki koresponn lan sou fèy repons lan. **Pou kesyon 22-25**, rezoud pwoblèm nan epi mete repons ou nan griy sou fèy repons lan. Tanpri ale nan eksplikasyon yo anvan kesyon 22 sou fason pou mete repons ou yo nan griy la. Ou ka itilize nenpòt espas ki vid nan ti liv tès ou a kòm bouyon.

NÒT


1. **Yo pèmèt** ou itilize yon kalkilatris.
2. Tout varyab ak ekspresyon yo itilize reprezante nonm reyèl sof si nou endike yon lòt bagay.
3. Desen yo bay nan tès sa a trase sou echèl sof si nou endike yon lòt bagay.
4. Tout desen yo fèt sou yon plan sòf si nou endike yon lòt bagay
5. Sòf si nou endike yon lòt bagay, domèn yon fonksyon f se ansanm tout nonm reyèl yo x kote $f(x)$ se yon nonm reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = \ell w$$




$$A = \frac{1}{2}bh$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = \ell wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3}\pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3}\pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3}\ell wh$$

Kantite degre ak nan yon sèk se 360.

Kantite radyan ak nan yon sèk se 2π .

Sòm mezi ang yon triyang an degre se 180 degre.

EKSPLIKASYON

Pou kesyon 22-25, rezoud pwoblèm lan epi antre repons ou nan griy la, jan yo mande w anba a, sou fèy repons lan.

1. Menm si sa pa obligatwa, yo sigjere ou ekri repons ou an nan kare yo ki soutèt kolòn yo pou ede w ranpli ti wonn yo kòrèk. Ou pral resevwa kredi sèlman si ti wonn yo byen ranpli.
2. Pa make plis pase yon sèl wonn nan okenn kolòn.
3. Pa gen kesyon ki gen yon repons negatif.
4. Kèk pwoblèm ka gen plis pase yon repons ki kòrèk. Nan ka sa yo, chwazi sèlman yon sèl repons nan griy la.

5. **Pou nimewo miks yo** tankou $3\frac{1}{2}$ ou dwe rantre yo nan griy la tankou 3.5 oswa 7/2. (Si

3	1	/	2
○	○	○	○

 yo antre nan griy la, li pral entèprete tankou $\frac{31}{2}$, olye $3\frac{1}{2}$.)

6. **Repons desimal yo:** Si ou jwenn yon repons desimal ki gen plis chif pase griy la ka pran, li ka swa awondi oswa koupe, men li dwe ranpli tout griy la.

Repons: $\frac{7}{12}$

7	/	1	2
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Ekri repons la nan bwat yo.

← Fraksyon liy

← Mete resilta a nan griy la.

Repons: 2.5

	2	.	5
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8
9	9	9	9

← Pwen desimal

Bon fason pou mete $\frac{2}{3}$ nan griy la se:

	2	/	3
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	6
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

.	6	6	7
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3
4	4	4	4
5	5	5	5
6	6	6	6
7	7	7	7
8	8	8	8

Repons: 201 - kèlkeswa pozisyon an kòrèk

	2	0	1
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3

2	0	1	
○	○	○	○
0	0	0	0
1	1	1	1
2	2	2	2
3	3	3	3


NÒT:
Ou ka kòmanse repons ou yo nan nenpòt kolòn, depi gen plas. Kolòn ou pa bezwen yo ta dwe rete vid.

2 Apre Tès la


2.1 Ranvwa

2.1.1 Ranmase Liv Tès yo ak Lòt Materyèl Tès yo

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:


-  Kounye a mwen pral ranmase liv tès ou yo. Tanpri kite fèy repons nou yo plat sou biwo nou yo epi chita dousman.

Pou itilizatè MP3 ak ATC yo, siveyan ou a pral di:

-  Mwen pral kounye a ranmase kat memwa elektwonik ou yo.


2.1.2 Fini ak Tès la

Pou elèv ki bezwen fin ranpli enfòmasyon pou idantifikasyon yo sou fèy repons la, siveyan ou an pral di:

-  Tanpri chita tou dousman pandan m ap fè lòt elèv yo soti. Apre mwen pral gide ou pou ka fin ranpli enfòmasyon pèsònèl ou sou fèy repons lan. Mwen pa ka kite ou ale jiskaske ou mete enfòmasyon sa a.


2.1.3 Ranmase Fèy Repons yo

Pou elèv yo ki fin konplete fèy repons yo, siveyan ou an pral di:

-  Kounye a mwen pral ranmase fèy repons ou yo. Tanpri chita tou dousman jiskaske mwen di nou ale.

2.1.3.1 Anvan yo Voye Elèv yo Ale

Aprè nou konte tout materyèl yo, siveyan ou a pral di:

-  Nan yon ti moman, mwen pral kite ou ale. Sonje: Ou pa dwe, nan nenpòt sikonstans, pran okenn kesyon tès yo pou kite sal la oswa diskite yo ak okenn moun pa nenpòt ki mwayen, ladan yo imèl, tèks mesaj, entènèt oswa aplikasyon medya sosyal yo.

Lekòl ou a ap fè w konnen kilè nòt ou yo ap disponib epi kijan pou jwenn aksè a tout rapò nòt ou sou entènèt si ou gen omwens 13 zan. Si ou gen 13 lane oswa plis, ou pral kapab tou konekte ak Khan Academy pou pratik pèsònèl ki baze sou rezilta tès espesifik ou yo.

Egzamen an fini kounye a. Konpliman ankò, epi mwen remèsye ou pou patisipasyon ou ak pou tout travay di ou fè. Ou lib kounye a pou pran zafè ou epi kite sal la.